




# MÈVÈY KI RELE AKIMILATÈ YO

Babay kabiran fosil, bonjou  
akimilatè!





# Chak fwa gen plis bilding ki gen enèji solè.



Enèji solè benefisye nou tout lè li redwi polisyon pandan l ap pwodi elektrisite ki pwòp.

Men se pa tout tan gen solèy, kifè nou bezwen akimilatè pou estoke enèji a!

# Akimilatèyo founi yon solisyon estokaj!

Akimilatè yo kapab estoke enèji ki  
soti nan pano solè lè solèy la ap  
briye epi yo kapab founi kouran lè  
yo bezwen li!

Li posib pou itilize yo pandan jou  
nòmal oubyen pandan ijans!



# Yo founi kouran ki FYAB...

...epi yo ede n prepare pou pàn kouran ki gen rapò  
ak klima a.



# Yo ranplase jeneratris ki fè anpil bri yo.

Jeneratis bakòp yo mache ak kabiran sal tankou dyezèl, ki polye lè nou an epi lakòz pwoblèm sante nan kominote nou an.

Akimilatè yo pa fèokenn bri, yo pa bay move sant epi yo pa polye.





# Yo fleksib!

Pifò jeneratris yo pran tan pou demare, men akimilatè yo demare touswit – sa ki siyifi ou p ap menm remake gen pàn kouran nan katye w lan!

# Limen/etenn touswit...



Pafwa konpayi elektrisite oswa griy la pral peye pou itilize akimilatè w lan.

Plis yo vin popilè, se plis akimilatè yo ap vin bon mache!



**Akimilatè yo  
amelyore  
preparasyon  
kominotè epi yo  
founi anpil lòt  
benefis!**

